# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क सतवां अउर आखिरी फेरा क तेरह संसदीय सीटिनि बदे एक जून के ओट परी। येह सीटिनि पर चुनाव परचार तीस मई के संझा थमि जाई। परचार बदे अब कम समय के देखत सज्जों प्रमुख राजनीतिक दलन क स्टार परचारक जनसभा अउर रैलियन क दौर तेज कइ दिहले हवें। येही क्रम में आजु केन्द्रीय गृह मंत्री अउर सीनियर भाजपा नेता अमित शाह कुशीनगर अउर सलेमपुर संसदीय क्षेत्र में जनसभा के संबोधित कइलें। उहां के कहलीं के नरेन्द्र मोदी एक बेरि फेर से प्रधानमंत्री के रूप में आपन स्थिति सुरक्षित करिहें। जबकि राहुल गांधी एगो प्रेस कॉन्फ्रेंस कइ के ईवीएम के  इंडी गठबंधन के हार बदे जिम्मेदार ठहरहियें। श्री शाह वादा कइलें कि अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति, ओबीसी आ अउरियों वंचित समूहन के तय आरक्षण में से धरम के आधार पर मुसलमानन के आरक्षण नाही दिहल जाइ।

प्रदेश के मुख्यमंत्री अउर सीनियर भाजपा नेता योगी आदित्यनाथ आजु घोसी, बलिया, रॉबर्ट्सगंज अउर वाराणसी संसदीय क्षेत्र में जनसभा के संबोधित कइलें। श्री योगी कहलें कि लोगि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाइ में बदलत भारत के देखत हवें। उहां के कहलीं कि केन्द्र में एक बेरि फेर मोदी सरकार बने जा रहल हौ। अउर लोगि इंडी गठबंधन के तुष्टिकरण क राजनीति के सफल नाही होखे दीहें।

ओहर भाजपा के राष्ट्रीय अध्यक्ष जेपी नड्डा आजु पीएम नरेन्द्र मोदी के चुनाव परचार खातिर बनारस पहुचलें अउर काल भैरव मंदिर में पूजा अर्चना कइलें। श्री नड्डा कहलें कि जबले प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर भाजपा सत्ता में हवे तबले धरम के आधार पर आरक्षण लागू नाही होखे दिहल जाइ। ओहर समाजवादी पारटी के राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आजु गाजीपुर अउर चन्दौली में चुनावी जनसभा के संबोधित करत भाजपा पर जमि के निसाना सधलें। उहां के कहलीं कि छौ फेरा के चुनाव क रूझान के देखि के भाजपा क गणिति फेल हो गइल हौ। श्री यादव अग्निवीर योजना क आलोचना कइले के सथहीं कहलें कि उनके गठबंधन क सरकार बनले पर अग्निवीर योजना के हमेसा खातिर खतम कई दिहल जाइ। अखिलेश यादव इहो आरोप लगवलें कि येह चुनाव में भाजपा अउर बसपा हाथ मिला लिहले हवे। कांग्रेस क राष्ट्रीय प्रवक्ता सुप्रिया श्रीनेत आजु बनारस में पत्रकार वार्ता के दौरान दावा कइलिनि कि इंण्डिया गठबंधन अपने दम पर सरकार बनवले के मोहाने पर आ गइल हौ। उहां के कहलीं कि अपने हारि के सामने देखि के भाजपा क नेता झूट्ठा बेयान दे रहल हवें।

**********

आजु भिन्नहीं गोरखनाथ परिसर में मीडियाकर्मियन से बतियावत प्रदेस क मुख्यमंत्री अउर भाजपा के सीनियर नेता योगी आदित्यनाथ कहलें कि कांग्रेस के सथहीं इंडी गठबंधन क सज्जों दल में धरम के आधार पर आरक्षण दिहले क खतरनाक होड़ राष्ट्रीय अखण्डता बदे चुनौती हौ। उहां के कहलीं कि धरम के आधार पर आरक्षण संविधान के मूल भावना के खिलाफ हौ अउर भाजपा अइसन कउनहूं आरक्षण क विरोध करी जवन असंवैधानिक हवे।

**********

गोरखपुर क पूर्व कांग्रेसी सांसद स्वर्गीय नरसिंह नारायण पाण्डेय क परिवार गोरक्षपीठ बदे आस्था जतावत भारतीय जनता पारटी क समरथन कइले हवें। आजु पूर्व सांसद क नाती रोहन पाण्डेय गोरखनाथ मंदिर में मुख्यमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता योगी आदित्यनाथ से मिललें अउर अपने माता की ओरि से लिखल समरथन पत्र उनके सउंपलें।

**********

लोकसभा चुनाव क सतवां फेरा में जियादा से जियादा मतदान करावे बदे सज्जो तेरह संसदीय क्षेत्र–महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देउरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चन्दौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर राबर्ट्सगंज में मतदाता जागरूकता अभियान चलावल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु केन्द्रीय संचार ब्यूरो सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय वाराणसी की ओरि से बनारस अउर चन्दौली लोकसभा क्षेत्र में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम क सुरूआति कइल गइल। वाराणसी दूरदर्शन केन्द्र क सहायक निदेसक दूरदर्शन अउर पीआईबी क मीडिया संचार अधिकारी अभियान में सामिल गाड़ियन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें

**********

इलाहाबाद उच्च न्यायालय के ओरि से जारी गैर जमानती वारंट के मामिला में मेरठ क सपा विधायक रफीक अंसारी के आजु लखनऊ से गिरफ्तार कइ लिहल गइल। एगो पुरान मामिला में कई बेरि अदालति क नोटिस जारी भइले के बादो विधायक रफीक अंसारी अदालति में पेस नाहीं होत रहलें।

**********

गोरखपुर जिला में निजी क्षेत्र क पहिला मेडिकल कॉलेज क सिलान्यास आजु महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय के परिसर में भइल। सिलान्यास के पहिले अठारह सौ बेड वाला अस्पताल क निरमाण बदे भूमि पूजन गोरखनाथ मंदिर क प्रधान पुजारी योगी कमलनाथ कइलें। विश्वविद्यालय क कुलपति मेजर जनरल डाक्टर अतुल वाजपेयी अउर कुल सचिव डाक्टर प्रदीप कुमार राव बतवलें कि मेडिकल कॉलेज में पहिला सालि में एमबीबीएस के सौ सीटिनि पर दाखिला लिहल जाई।

**********

पूरा प्रदेस पिछला कई दिन से लुह अउर भीसण गरमी के चपेटा में हौ। सोम्मारो के जियादेतर जिलन में दिन क तापमान चालीस डिगिरी सेल्सियस से उप्पर रेकार्ड कइल गइल। झांसी में आजु अधिकतम तापमान सैंतालीस दसमलव छौ डिगिरी सेल्सियस रहल। मौसम विभाग आवे वाला दुइ दिन ले प्रदेस के सज्जो हिस्सा में लुह अउर तेज गरमी क सिलसिला जारी रहले क अनुमान जतवले हवे।

**********